

# Guhura n'ibigo bishobora kugufasha

## Ingene twofasha

Abana barakeneye kuba ahantu hatekanye kugira ngo bakure neza bongere bagire amagara meza n'indero runtu, naho umuryango wabo woba ufise ibibazo. Ibi bihambaye cane cane mu myaka ya mbere y'uwana.

Ikigo Family and Child Connect kirahari ku bwawe nimba ukeneye imfashanyo. Turashobora kuguhuza n'ibigo bikorera aho utuye bishobora kuguha imfashanyo:

- gutunganya imyifato y'umwana wawe
- kwubaka umubano mwiza mu muryango
- guhagarika guhohotera abantu mu rugo
- gutegekanya no gukoresha amafaranga
- gutunganya ibibazo bijanye no kunywa inzoga, ibiyayuramutwe canke gukina akamari
- kuronka inzu, kwivuza canke izindi mfashanyo umuntu ahabwa n'ibigo vyitaho imibereho y'abantu vy'aho abaye canke leta.

Imfashanyo itangwa n'ikigo Family and Child Connect zitangwa n'amashirahamwe yizewe y'aho ubaye afise ubunraribonye mu gukorana n'imiryango.

Urashobora kuronka izo mfashanyo igihe cose ubikeneye. Nta karimbi kahari kandi ni ku buntu.

## Bigenda gute iyo utwituye?

Igihe uduhamagaye uvugana n'umukozi afise ubunraribonye mu gufasha imiryango, azokwumviriza ibibazo vyawe kandi yihweze uko umuryango wawe umerewe. Umuryango wose ufise ingene utunganije, iyo uganiriye natwe rero, uraronka impanuro n'imfashanyo bihwanye neza n'ibibazo vyawe.

Turashobora kugufasha uhamagaye kuri terefone rimwe gusa, haba mu gutanga impanuro canke kukurungika aho ushobora kuronka imfashanyo. Turashobora kandi gutegura kuza kukuraba i muhira - canke tugahurira ahantu hatekanye – kugira ngo tugenire. Iyo bibaye ngombwa, turashobora guhuza mu maguru masha imiryango n'amashirahamwe ajejwe ivyerekeye iohoterwa rikorerwa mu ngo.

## Ingene ushobora gufasha abandi

Hoba hari uwundi muntu wipfuza ko yohabwa imfashanyo, nk'abana bawe bakuze, abuzukuru, umuryango uri kw'ishure, canke umugenzi ari ku kazi? Urashobora kubafasha nabo nyene kugira ngo baronke imfashanyo bakeneye.

Tangura kubaganiriza kandi ubahimirize kuvugana n'ikigo Family and Child Connect kuri 13 32 64 kugira ngo baguhe impanuro bongere bagufashe. Irashobora kuba intambwe yabo ya mbere yo kuronka imfashanyo bakeneye.

## Twandikire

Abana batera imbere mu gihe abavyeyi bahaye imfashanyo bakeneye. Mu kigo Family and Child Connect, turazi ko hamwe n'impanuro nziza, urashobora guhangana n'ibibazo vyo mu buzima maze ugashobora gufasha abana bawe ngo batere imbere kandi bakure mu buryo bwiza kandi bushimishije.

Imfashanyo yacu itangwa mw'ibanga ntangere, ku ubuntu kandi kutwikorako nta buhombe namba.

**Terefone: 13 32 64**

**Urubuga ngurukanabumenyi:** [familychildconnect.org.au](http://familychildconnect.org.au)

## Ikigo Family and Child Connect giherereye aho uba ni:



**Urakeneye  
umusobanuzi  
w'indimi?**

Nimba ukeneye umusobanuzi w'indimi, turashobora kumukuronnderera ku buntu. Duhamagare kuri **13 32 64** hanyuma utubwire ururimi ukeneye.